

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

**8<sup>YÈM</sup> ANE**

HAITIAN CREOLE EDITION  
SOCIAL STUDIES—GRADE 8  
DOCUMENT-BASED QUESTIONS  
BOOKLET 2

**EGZAMEN NIVO ENTÈMEDYÈ  
SYANS SOSYAL**

**DEZYÈM TILIV**

**KESYON KI BAZE SOU YON SERI DOKIMAN (DBQ)**

**3 JEN 2009**

**Non Elèv la** \_\_\_\_\_

**Non Lekòl la** \_\_\_\_\_

Ekri non w ak non lekòl ou an lèt enprime sou liy ki anwo yo.

Egzamen an gen twa pati. Jodi a ou pral fè Pati III egzamen an.

**Pati III** a baze sou divès dokiman.

**Pati III Seksyon A** a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Ekri repons ou yo pou chak kesyon nan espas ki la pou sa nan tiliv egzamen sa a.

**Pati III Seksyon B** a gen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan tiliv separe pou ekri repons redaksyon, depi premye paj nan tiliv la.

W ap gen inèdtan edmi pou reponn **tout** kesyon nan Dezyèm Tiliv la epi ekri redaksyon w lan.

**PA OUVRI LIV EGZAMEN AN JISKASKE YO DI OU FÈ SA.**



Repons kesyon redaksyon an dwe ekri nan tiliv redaksyon separe an.

### Pati III

#### KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman yo ki mache avèk li yo. Li fèt pou teste abilte w pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an.

#### Kontèks Istorik:

Yo ka rakonte istwa Etazini an pati atravè teknoloji li. Teknoloji gen ni efè pozitif ni efè negatif sou lavi Ameriken. Pami kèk egzanp teknoloji ki te afekte Etazini genyen *machin pou netwaye koton*, *chemennfè*, ak *pisans nikleyè*.

#### Sa w gen pou fè:

Itilize enfòmasyon ki soti nan dokiman yo epi ak konesans ou nan syans sosyal, reponn kesyon yo ki swiv chak dokiman nan Sekyon A a. Repons kesyon yo ap ede w ekri Seksyon B redaksyon an, kote yo ap mande w pou

Chwazi **DE** egzanp teknoloji yo mansyone nan kontèks istorik la epi pou **chak**

- Diskite efè **pozitif** teknoloji sa a genyen sou Etazini
- Diskite efè **negatif** teknoloji sa a genyen sou Etazini

Nan redaksyon w lan asire ou ekri sou sèlman **DE** egzanp teknoloji ki idantifye nan Kontèks Istorik ki anwo a.

Nan devlopman respons ou pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

**diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi ak reyalyte, rezonman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”


## Seksyon A

### Kesyon ak Repons Kout

*Enstriksyon:* Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak respons kout yo ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

#### Dokiman 1

Eli Whitney te envante machin pou netwaye koton an, 1793. Anvan envansyon sa a, pou retire grenn yo nan koton an se te yon bagay ki te pran anpil anpil tan.




1 Dapre dokiman sa a, ki jan itilizasyon teknoloji sa a te chanje fason yo te trete koton? [1]

Score

Dokiman 2

Pwodiksyon Koton nan Lamerik, 1800–1860



Sous: Joyce Appleby et al., *The American Journey*, Glencoe/McGraw-Hill, 1998 (adapte)

2a Dapre dokiman sa a, endike **yon** efè machin pou netwaye koton an te genyen sou pwodiksyon koton. [1]

---



---

Score

b Dapre dokiman sa a, endike **yon** efè machin pou netwaye koton an te genyen sou kwasans esklavaj. [1]

---



---

Score

### Dokiman 3a

. . . Sepandan, tankou anpil envantè, Whitney (ki te mouri an 1825) pa t ka prevwa fason envansyon l lan t ap chanje lasosyete pou l vin pi mal. Chanjman ki te pi enpòtan pami yo se te kwasans esklavaj. Byenke se te vre machin pou netwaye koton an te redwi travay pou retire grenn yo nan koton an, li pa t redwi bezwen pou esklav yo kiltive epi ranmase koton an. Anfèt, se lekonntrè ki te rive. Elvaj koton te vin sitèlman pwofitab pou pwopriyetè esklav yo sa te vin ogmante anpil demann ni pou tè ni pou esklav ki pou travay tè a. An 1790 te genyen sis eta ki te gen esklav; an 1860 te gen 15. Soti an 1790 pou rive jis lè Kongrè a te entèdi enpòtasyon esklav ki soti ann Afrik nan ane 1808, moun nan Sid yo te enpòte 80,000 Afriken. Vè 1860 apeprè yon moun sou twa, se te esklav nan Sid la . . .

Sous: The Eli Whitney Museum

3a Dapre dokiman sa a, endike **yon** efè envansyon machin pou netwaye koton an te genyen sou kantite eta ki te gen esklav. [1]

Score

### Dokiman 3b

. . . Akoz machin pou netwaye koton an, esklav yo kounye a t ap travay sou plantasyon ki te vin pi gwo toujou kote travay yo te pi reglemante [òganize] pi kriyèl [san fen]. Amezi gwo plantasyon yo ap gaye nan Sidwès la, pri pou esklav ak tè te anpeche [ralanti] kwasans vil yo ak endistri yo. Nan ane 1850 yo sèt-wityèm tout imigran ki te etabli yo nan Lenò, kote yo te jwenn kapasite fabrikasyon peyi a, a 72% kapasite fabrikasyon peyi a. Kwasans “enstisyon patikilye” [esklavaj] te afekte anpil aspè lavi nan Lesid.




Sous: The Eli Whitney Museum

3b Dapre dokiman sa a, endike **yon** efè envansyon machin pou netwaye koton an te genyen sou kwasans vil yo ak endistri yo nan Lesid. [1]

Score

Dokiman 4

Metòd Transpò Mitan Ane 1800 yo

Metòd Transpò	Vitès an Mwayèn	Pri Ekspedisyon
<b>Wout</b> 	2 mil a lè pa wagon 6–8 mil a lè pa charyo	15 santim pa tòn pa mil
<b>Kannal</b> 	2–5 mil a lè	1.1 santim pa tòn pa mil
<b>Chemennfè</b> 	10–20 mil a lè (konsidere estòp yo)	3.4 santim pa tòn pa mil

Sous: George Rogers Taylor, *The Transportation Revolution, 1815 to 1860*, Rinehart and Company, 1951 (adapte)

4 Dapre tablo sa a, endike **yon** avantaj ki te genyen pou itilize chemennfè konpare ak lòt metòd transpò nan mitan ane 1800 yo? [1]

---



---

Score

Dokiman 5

Wanton [San Pitye] Destriksyon Bizon




Sous: William Edward Webb, *Buffalo Land*, Hubbard Brothers, 1872 (adapte)

5 Dapre dokiman sa a, endike **yon** efè negatif chemennfè a te genyen? [1]

Score



Dokiman 6



Sous: Andrew Cayton et al., *America: Pathways to the Present*, Prentice Hall (adapte)

6 Dapre kat jeyografi sa a, endike **yon** jeneralizasyon sou enpak chemennfè genyen sou Etazini. [1]

---



---

Score

## Dokiman 7

### An Favè Pisans Nikleyè

. . . Responsablite ki pi enpòtan pou Ajans Enèji Atomik sa a se pou envante kèk metòd kote materyèl fizyonab [divizib] sa a ta repati pou sèvi bezwen limanite. Yo ta mobilize ekspè sa yo pou aplike enèji atomik [nikleyè] pou objektif pasifik nan agrikilti, medsin ak lòt aktivite pasifik. Yon bi espesyal se ta pou bay enèji elektrik ann abondans nan kèk zòn nan lemonn ki pa gen kouran elektrik. Kidonk pisans ki fè kontribisyon sa yo ta dedye kèk nan fòs yo pou sèvi bezwen limanite olye pou yo sèvi ak laperèz limanite. . . .

Sous: Address by President Dwight D. Eisenhower to the 470th Plenary Meeting of the United Nations General Assembly, December 8, 1953

7 Dapre Prezidan Dwight D. Eisenhower, ki **de** avantaj pisans nikleyè genyen? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 8

### Opinyon ki Kont Pisans Nikleyè

An 1979, yon aksidan te fèt nan yon santral enèji nikleyè ki nan Three Mile Island, Pennsylvania.

. . . Lè nou fè yon gade dèyè aprè sa k te pase nan Three Mile Island, aprè sa k te pase nan Chernobyl [nan Inyon Sovyetik], pafwa moun konn mande tèt yo poukisa nou te janm itilize pisans nikleyè. Pa t gen pèsòn ki te reyalize ki danje sa gen ladan l? Pa t gen ankenn moun ki te panse sou risk ki genyen pou moun ki abite toupre santral nikleyè sa yo? Pa t gen ankenn moun ki te konsidere enplikasyon pwodiksyon yon pakèt dechè nikleyè? Bagay sa yo parèt sitèlman aklè jodi a. . . .

Sous: Robert Pool, "Searching for Safety," *Beyond Engineering: How Society Shapes Technology*, PBS Frontline, 1997

8 Dapre dokiman sa a, endike **de** dezavantaj pisans nikleyè. [2]


(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

Dokiman 9



Sous: U.S. Paul Stitch et al., *Intermediate-Level: Social Studies Big 8 Review*, N&N Publishing Company, 2002 (adapte)

9a Dapre tablo sa a, konbyen peyi ki te deklare yo gen asenal nikleyè apati 1997? [1]

---



---

Score

b Dapre tablo sa a, endike **yon** konklizyon konsènan danje zam nikleyè genyen pou Etazini. [1]

---



---

Score

## Seksyon B

### Redaksyon

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ak yon konklizyon. Itilize prè v ki sòti pou *pi piti* nan **kat** dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou ak reyalite, egzanp ak detay ki enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki soti lòt kote.

#### Kontèks Istorik:

Yo ka rakonte istwa Etazini an pati atravè teknoloji li. Teknoloji te gen ni efè pozitif ni efè negatif sou lavi Ameriken. Pami kèk egzanp teknoloji ki te afekte Etazini genyen ***machin pou netwaye koton, chemennfè, ak pisans nikleyè.***

#### Sa w gen pou fè:

Itilize enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini pou ekri yon redaksyon kote ou:

Chwazi **DE** egzanp teknoloji ki mansyone nan kontèks istorik la epi pou **chak**

- Diskite efè **pozitif** teknoloji sa a genyen sou Etazini
- Diskite efè **negatif** teknoloji sa a genyen sou Etazini

#### Gid:

##### Nan redaksyon w lan, asire ou:

- Ekri konsènan sèlman **de** egzanp teknoloji
- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete ladan l enfòmasyon ki soti pou *pi piti* nan **kat** dokiman
- Mete ladan l lòt enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan ak reyalite, egzanp ak detay ki enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon lojik epi klè, mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan





Part I Score	
Part II Score	
Part III A Score	
Total Part I, II, and III A Score	
Part III B Essay Score	
<b>Final Score</b> (obtained from conversion chart) scaled 1–100	